**जोस jōs** [A] *n* उत्साह; वीरभाव। spirit, zeal, fervour.

**जोहब jōhab** *vt* अन्वेषण करब। search. **जोह** *n* खोज। search.

**जोहा करब jōhā karab** *vt* घासक मुट्ठीकें तहिआ कए पथिआमे कसब। jam bundles of grass into a basket.

**जोहारि johāri, johāir** *n* 1. ऊर्ध्वमुख तरङ्ग। high tide. 2. प्रणाम। salutation.

**जोहि उठब jōhi uṭhab** *vi* क्रिया/भावनामे वेग आएब। (an idea/activity) spread wide fervently.

**जौआँ jauā̃** [यमज] *adj* एक पेटसँ एक सङ्ग जनमल (लोक); अप्राकृतिक रूपें एक-दोसरासँ सटल (फल)। twin.

**जौजे jauje** [A] *n* ···केर पत्नी। wife of..... .

**जौञुनि jauyūni** *obs n* यमुना। the river Yamuna.

**जौतुक jautuk** *n* यौतुक, बेटी-जमाएकेँ विवाहक समय देल गेल स्नेहोपहार। dowry.

**जौबति jaubati** *obs n* युवती, तरुणी। young lady.

**जौवन jauban** *n* यौवन, जबानी, तारुण्य। young age, youthfulness.

**jaur** *n* रज्जु, साबेक डोरी। twine, straw rope.

**जौहरी jauharī** [A] *n* रत्नव्यापारी। jeweller.

**°ज्ञ °gyā** *adj* जननिहार, ज्ञाता। one who knows. *Ex* सर्वज्ञ *"सभ किछु जन निहार। omniscient."*

**ज्ञात gyāt** *adj* जानल। known. **ज्ञाता** *adj* जननिहार। one who knows, informed of, familiar with.

**ज्ञाति gyāti** *n* गोतिआ; विशेषत: सातम पुरुषसँ उपर दसम पुरुष धरिक दायाद। kinsman; *spl* cognate beyond seven and within ten generations.

**ज्ञान gyān** *n* बोध, मति, अवगति। cognition, knowledge. **ज्ञानी** *adj* ज्ञानवान्, विवेकी। wise.

**ज्ञापन gyāpan** *n* 1. जनओनाइ। intimating. 2. संलेख। memorandum.

**ज्ञेय gyēya** *adj* जनबा जोग। capable of knowing, worth knowing.

**ज्या jyā** *n* 1. धनुषक डोरी। string of bow. 2. पृथ्वी। earth. 3. (गणितमे) साइन। sine. **°मिति** *n* क्षेत्रमिति। geometry.

**ज्येष्ठ jyēsṭh** *adj* जेठ। elder, senior. *n* तेसर मास। third month; *See* T.III. **ज्येष्ठा** *n* अठारहम नक्षत्र। 18th constellation; *See* T.III.

**ज्योति jyōti** *n* इजोत, प्रकाश। light, lustre.

**ज्योतिर्विद jyōtirbid** *See जोतिखी।*

**ज्योतिष** *See ज्यौतिष।*

**ज्योत्स्ना jyotsnā** *n* इजोरिआ, चन्द्रमाक प्रकाश। moon-light.

**ज्यौतिष jyautikh** *n* ग्रह-नक्षत्रादिक विद्या। astrology, astronomy.

**ज्वर jvar** *n* देह धिपबाक रोग, बोखार। fever. **ज्वरी** *adj* ज्वरक रोगी, जकर देह धीपल हो। suffering from fever.

**ज्वलन jvalan** *n* धधकब, पजरब, जरब। flaming, inflammation, burning. **°शील** *adj* झट दए आगि पकड़एबाला। inflammable. **ज्वाला** *n* 1. ताप, धाह, झरक। heat, scorching heat, burning sensation. 2. धधरा, अग्निशिखा। flame. 3. व्यथा, सन्ताप। agony. **°मुखी** *n* अग्निगर्भ पर्वत। volcano.

# झ

**jh** वर्णमालाक नओम व्यञ्जन। 9th consonant of alphabet.

**झक jhak** *n* क्षणिक निद्रा। nap. ~ लागब *vi* क्षणिक निद्रा होएब। have a nap.

**झकझक jhak-jhak** *adj* भास्वर, चमकदार। glittering, glowing. *n* हुज्जति, विवाद। wrangling. **झकझकाएब** *vi* चमकब। glitter, shine.

**झकझोरब jhakjhōrab** *vt* झमारब, जोर-जोरसँ बेरि-बेरि हिलाएब। pull and tug, shake violently.

**झकब+ jhakab+** *See झकाएब* with T.I.

**झकसी jhaksī** *See झकास।*

**झकाएब jhakāeb** *vt* डारिकेँ झमारि-झमारि फल खसाएब। shake branch of a tree to make fruits fallen.

**झकाझक jhakājhak** *See झकझक।*

**झकाबोर jhakābōr** *n* खीचा-तानी। tug of war.

**झकारब jhakārab** *vt* झमारसँ उपर-नीचाँ करब। shake and shuffle.

**झकास jhakās** *n* वर्षा-बसात बाला समय। foul weather, continuous gale.

**झकोरब jhakōrab** *vt* जोरसँ हिलाएब-डोलाएब। shake with jerks.

**झक्कड़ jhakkaṛ** *n* अल्प वृष्टिक सङ्ग तेज बसात, झटक। gale.

**झक्का jhakkā** *n* मसाला मिलाओल अमत फलक खण्डसभ। spiced chips of a sour fruit.

**झक्की jhakkī** *adj* झनकाह। whimsical.

**झख jhakh** *n* चिन्ता, व्यथा। lamentation. **~ मारब** *vt* झखब। lament, bewail.

**झखनी jhakhnī** *n* झखब, विलाप। lamentation.

**झखब jhakhab** *vi* कलपब, बाजि-बाजि दीनता प्रकट करब। bewail, lament.

**झखरब jhakhrab** *vi* फलादिक अधिकांशतः झड़ब। be stripped off (fruits).

**झखाएब jhakhāeb** *vi* कनेक नडड़ाइत/झुकैत चलब। move falteringly. *vt See झकाएब।*

**झखारब jhakaarab** *vt* 1. *cau* of *झखरब।* 2. पशुकें हाँकब। drive cattle.

**झँखुड़ी jhãkhuṛī** *See झाँखुड़।*

**झगड़ jhagaṛ** *n* कलह। quarrel, altercation. **°लगाओन** *n* झगड़ा लगओनिहार। one who creates and provokes quarrel, barrator, mischief-maker. **झगड़ठिआ** *adj* झगड़ाहु। quarrelsome. **झगड़ब** *vi* झगड़ा करब। quarrel. **झगड़ा** *n* कलह। quarrel. **-झाँटी, -दन** *rep.* **झगड़ाहु** *adj* झगड़ा करबाक स्वभावबाला। quarrelsome. **झगड़ौआ** *adj* विवादास्पद। disputed.

**झग्गड़ jhaggaṛ** *See काँकोड़ (2)।*

**झङ्क jhaṅk** *obs n* झख, विलाप। lamentation.

**झङ्कार jhaṅkār** *n* वीणा आदिक झनझन ध्वनि। twang, peal. **झङ्कृत** *adj.*

**झङ्ख jhaṅkh** *See झङ्क।*

**झङ्खाड़ jhaṅkhāṛ** *adj* जीर्णशीर्ण (भवन), जराजीर्ण (मनुष्य)। decrepit. *n* गहन जंगल-झाड़। underwood.

**झझकारब jhajhkārab** *vt* खौंझाएल उत्तर देब। rebuke. **झझकार** *n.*

**झझरा jhajhrā** *See झाझ।*

**झँझराह jhãjhrāh** *adj* रन्ध्रमय, झाँझ-सन। perforated.

**झँझरी jhãjhrī** *n* जर्जर नाओ। worm out boat.

**झँझाएब jhãjhāeb** *vi* (पानिक) अवरुद्धप्राय मार्गसँ झहर-झहर करैत बहब। (said of water) flow as a rippling stream.

**झझौ jhajhau** *adj* बहुत लग-लग फाटल (केराक पात)। shattered (banana leaf).

**झञ्झ jhanjh** *n* झगड़ा, विवाद। wrangling. **-मञ्झ** *rep.*

**झञ्झट jhanjhaṭ** *n* बखेड़ा, झमेल, व्यग्रता। wrangle; botheration, trouble. **झञ्झटिआ** *adj* बखेड़िआ। given to wrangling.

**झञ्झा jhanjhā** *n* झटक, तेज बसातक सङ्ग वर्षा। gale, tempest. **~ वात** *n* तेज झटक। storm.

**झट jhaṭ** *adv* तुरन्त, शीघ्रतापूर्वक। instantly, quickly. Also **झट-झट, झट दए, झट-सन।**

**झटक jhaṭak** *n* झञ्झा, बसातक झोंकवाला वर्षा। gale, flurry.

**झटकब jhaṭkab** *vi* 1. तेज बसातक सङ्ग बरिसब। rain with dashing wind. 2. *See झटकारब।*

**झटका jhaṭkā** *n* चलायमान वस्तुसँ लागल चोट। dash against a moving thing.

**झटकारब jhaṭkārab** *vi* झटझट डेग बढ़ाएब। step fast, speed up.

**झटपट jhaṭpaṭ** *adv* शीघ्रतापूर्वक। hurriedly.

**झटहरा jhaṭ-harā** *See झटहा।*

**झटहा jhaṭ-hā** *n* दूरसँ फेंकि झँटबाक डण्टा। small darting stick.

**झटाक दए jhaṭak dae** *adv* तुरन्त। at once.

**झटाँस jhaṭãs** *See झटक, झकास।*

**झँटुआ jhãṭuā** *adj* झाँटिकें तैआर कएल। (paddy) threshed out by dashing.

**झट्टा jhaṭṭā** *n* झाँटल धानक डाँट। stems of thrashed paddy.

**झठार jhaṭhār** *n* 1. ढाकी। big basket. 2. *See झटहा।*

**झड़ब jhaṛab** *See झरब।*

**झड़बैर jhaṛbair** *n* एक काँटबाला झाड़ जकर फल छोट-छोट बैर-सन होइत अछि। a prickly bush bearing small fruits like jujube; *Ziziphus jujuba.*

**झड़र jharar** *n* छोटका बड़र जे यौवनारम्भमे होइत अछि। pimples.

**झड़री jhar-ri** *n* बुढ़ारीक कारणेँ त्वचा पर कारी-कारी चेन्ह पड़ब। appearance of black spots on the skin due to old age.

**झड़ी jhari** *n* वृष्टिक निरन्तरता। incessant rain. *Ex* *झड़ी लधलक "It started to rain incessantly."*

**झड़ीकस jharikas** *n* एक प्रकारक रुखान। a kind of carpenter's chisel.

**झण्ठी jhanthi** *adj* ठुड्ड, शाखाहीन। stripped off. (tree etc).

**झण्डा jhanda** *n* पताका। flag. **झण्डी** *d.*

**झन jhan** *ono* धातु पर चोट पड़बाक ध्वनि, झनक।

**झनकब jhankab** *vi* 1. पाएर घसैत चलब (बड़दक एक रोग)। (said of ox) move with dragging leg due to a disease. 2. धान आदिक पाकिकेँ सुखाएब। (said of crops) be dried well after maturity. **झनक** *n* 1. पाएर घसैत चलबाक पशु-रोग। stiffening of leg, a cattle disease. 2. सनक। craziness. **झनकवताह** *adj* कखनहु-कखनहु बताह-सन आचरण कएनिहार। whimsical. **झनकाएब** *cau.* **झनकाह** *adj* बताह, सनकाह। crazy, eccentric. **झनकी** *See* *झनक।*

**झनझन jhan-jhan** *ono* गहना आदिक ध्वनि। jingling, tinkling, clanking. **झनझनाएब** *vi* उक्त ध्वनि करब। tinkle.

**झनपटाह jhanpatah** *adj* झमेलिआ। one who creates trouble.

**झपकब jhapkab** *vi* आँखि मुनने क्षणिक पातर नीनमे रहब। have a nodding sleep. *vt* उचकब, प्रच्छन्न रूपेँ अचानक आनक वस्तु लए पड़ाएब। swindle. **झपक** *n* क्षणिक निद्रा। nap. Also **झपकी।**

**झपझप jhap-jhap** *adv* शीघ्रतापूर्वक। speedily.

**झपटब jhaptab** *vt* वेगपूर्वक आक्रमण कए सहसा छिनब। snatch in a swoop. **झपट, झपट्टा** *n.*

**झप दए jhapdae** *vt* झट दए। at once.

**झपना jhapna** *n* ढाकन, जाहिसँ झाँपल जाए। lid, cover, veil.

**झपलाएब jhaplaeb** *See* *झलफलाएब।*

**झपसी jhapsi** *n* बड़ी काल लगातार वृष्टि। incessant rain for long.

**झपाओन jhapaon** *n* मेघाच्छन्न समय। cloudy weather.

**झपास jhapas** *See* *झपसी।*

**झप्पा jhappa** *n* काठक पेटी। wooden box with lid.

**झबरब jhabrab** *vi* घनगर भए लटकब (जेना केस/फल)। hang over in throngs (as locks of hair, fruits in branches). **झबरा** *adj* 1. *See* *झाबर।* 2. झबरल केसबाला (कुकुर)। shaggy (dog)।

**झबरी jhabri** *n* 1. एक धान। a rice. 2. *f* of *झबरा।*

**झब्बा jhabba** *n* झाबा, गुच्छा। bunch.

**झभहा jhabh-ha** *n* दूध नपबाक माटिक बासन। a clay pot for measuring milk. **झभही** *d.*

**झमकब jhamkab** *vi* 1. झमझम ध्वनि करब। make jingling sound. 2. झमझम ध्वनि करैत चलब। walk with jingle of ornaments. **झमक** *n* झङ्कार। chink, jingle. **झमकाएब** *cau.*

**झमझम jham-jham** *ono* अङ्ग-सञ्चारसँ उत्पन्न भूषणध्वनि। jingling of ornaments.

**झमझौहरि jhamjhauhari** *See* *झौहरि।*

**झमटगर jhamtgar** *adj* डारि-पातसँ भरल-पूरल (वृक्ष)। (tree) exuberant, extensively grown with thick foliage.

**झमाएब jhamaeb** [श्यामाय-] *vi* श्रान्तिसँ झामर (प्रभाहीन) होएब। lose lustre, become pale.

**झमाझम jhamajham** *See* *झमझम।*

**झमाट jhamat** *n* डारि-पातक पसार। exuberance, growth of branches and foliage. *Cf* *झमटगर।*

**झमाठब jhamathab** *See* *झमारब।*

**झमान jhaman** [श्यामायमान] adj 1. निष्प्रभ, उदास। pale and gloomy. 2. थाकल-ठेहिआएल। exhausted (body). ~ **सँ खसब** *vi* सहसा निराश होएब। be hopeless abruptly.

**झमारब jhamarab** *vt* बेरि-बेरि जोर-जोरसँ डोलाएब। shake with successive jerks. **झमार** *n* संक्षोभ। jolt, jerk.

**झमेल jhamel** *n* 1. झञ्झट, बखेड़ा। botheration. 2. झगड़ा, विवाद। wrangle, trouble, squabble. **झमेलिआ** *adj* झमेल कएनिहार, बखेड़िआ। problematic, troublesome.

**झम्प Jhamp** *obs* *n* उछलिकेँ पानिमे खसब। dive, plunge.

**झम्पान jhampān** *n* 1. एक पालकी। a palanquin. 2. *See* *झम्प।*

**झर[1] jhar** *n* अप्रिय ध्वनि, कोलाहल। clatter, disturbing/annoying noise. ~ **पड़ब** *vi* 1. अप्रिय ध्वनि सुनैत रहने वेदना होएब। be annoyed with harsh and loud noise. 2. *cls* झरना, निर्झर। fall. 3. *See* under *झरब।* **-झमेल** *n* झगड़ा। wrangle.

**झर[2] jhar** *n* 1. पूर्व वर्ष झरल बीआसँ अनेर उपजल धान आदि जजात जे गुणमे हीन होइत अछि। plant grown wildly out of seeds dropped off in previous season. 2. (*लाक्ष*) अधम कोटिक वृक्ष/व्यक्ति। (*fig*) plant/person of uncultivated quality. *Ex ई मनुख नहि, मनुखक झर थिक "He is not a man, but only a decline of man kind."*

**झरकब jharkab** [ज्वल] *vi* ज्वालामे जरब। be scorched, singe, burn. **झरक** *n* ज्वालाक झोंक। scorching wave. **झरकबाहि** [ज्वालकव्याधि] *n* गाछक एक रोग जाहिमे पात झरकल-सन भए जाइत अछि। a crop-disease causing leaves to scorch. Also **झरका। झरका लागब** *vi* रोगवश पात सुखाइत जाएब। (said of crop) suffer from a disease in which leaves scorch gradually.

**झरकाएब jharkāeb** *vt* दग्ध करब। scorch, parch.

**झरकेछुआ jhar-kechhuā** *See* *हड़काछु।*

**झरखरब jharkharab** *vi* बुढ़ारीसँ देह जीर्ण होएब। (said of body) shrivel due to old age.

**झरखाएब jharkhāeb** *See* *झकाएब।*

**झर-झमेल jhar-jhamēl** *rep* of *झमेल।*

**झरझराएब jharjharāeb** *ono vi* झरझर ध्वनि करब, झरझर ध्वनिक सङ्ग (जलादिक) खसब। stream out with gurgling sound.

**झरड़ jharaṛ** *n* बुढ़ारीक फोंसरी। old age pimples.

**झरना jharnā** [झरब] *n* 1. जल-प्रपात, निर्झर। spring, waterfall. 2. झारन। duster. 3. खोखरबाक रन्दा जे चिक्कन नहि करैत अछि। carpenter's rough scraper.

**झरनी jharnī** [झारब] *n* 1. केस झारबाक कुच्ची। a kind of hair-brush. 2. अन्त भागमे चीरि-चीरि झाझर बनाओल बातीक टुकड़ी जे पटकला पर झरझर ध्वनि करैत अछि। a bamboo stick closely splitted at one end giving rattling sound when struck. 3. एक लोकनृत्य जे उक्त झरनी(2)क तालपर होइत अछि। a folk dance performed on the beats of झरनी (2).

**झरब jharab** *vi* अलग्न भए-भए खसब (जेना गाछक पाकल पात)। drop, shed off, fall down. 2. (*लाक्ष*) विष, क्रोध आदिक दूर होएब। come down, be calmed (as anger, malady).

**झरबड़र jhar-baṛar** *n* गाल पर पसरल छोट-छोट बड़र जे यौवनक आरम्भमे होइत अछि। pimples.

**झरोखा jharōkhā** *n* कोठा पर बनल जङ्लाबाला कोठली, बालकोनी। balcony, a well ventilated side room on upper storey; sky light.

**झल jhal** *n* गह, फाँक, छेद। aperture, slit, rift, chasm.

**झलकब jhalkab** *vi* चमकब। glitter, gleen. **झलक** *n.* **झलकाएब** *cau.* **झलकी** *n* चमक, छवि, आभास। glimpse.

**झल-झल jhal-jhal** *adj* पारभासक, पातर (वस्त्रादि)। translucent, thin. **झलझली** *n.*

**झल-फल jhal-phal** *adj* अन्हराएल, धूमिल। dim. **झलफलाएब** *vi* अस्पष्ट सूझब। have dim vision. **झलफली** *n.*

**झलफाँफी jhalphāphī** *adj* दूर-दूर सूतबाला (वस्त्र)। thinly woven (cloth).

**झलमरदन jhal-mardan** *n* एक धान। a rice.

**झल-मल jhal-mal** *adj* चकमक। glowing. **झलमलाएब** *vi* चमकब। glow.

**झलर-फलर jhalar-phalar** *adj* ढील-ढाल, बेसम्हार (वस्त्र)। sloven, loose, disorder (garment).

**झलरिआ jhalariā** *n* जनेरक एक प्रभेद। a variety of millet.

**झलसी jhalsī** *n* खढ़सँ बनल रस्सा, जुन्ना। rough thick rope made of straw.

**झलहेरि jhal-hēri** [जलकेलि] *n* 1. नाओ पर जल-विहार। merrymaking on a boat. 2. विशेषतः भगवान् विष्णुक/कृष्णक प्रतिमाकेँ नाओ पर विहार करएबाक एक पाबनि जे आषाढ़ी नवरात्रमे होइत अछि। festival of boating of the lord Kṛisna's idol in आषाढ़।

**झलाक-झलाक jhalāk-jhalāk** *adj* चकमक। shining.

**झलाझल jhālājhal** *adj* चमकैत। bright.

**झलाबोर jhalābor** *adj* पानिसँ पाटल। flooded, submerged.

**झलास jhalās** *n* 1. राड़ी। a fine reed. 2. *See झलसी।*

**झलिबज्जा jhalibajjā** *n* झालि बजओनिहार; (*लाक्ष*) लोभवश ककरो गुणगान करैत रहनिहार। sistern player, (*fig*) sycophant, flatterer.

**झल्ला jhallā** *n* 1. एक प्रकारक बथुआ साग। a leafy vegetable; *Chenopodium album*. 2. भूसाक चाकी। a basket for husk storing.

**झष jhakh** *cls n* माछ। fish.

**झँसिगर jhāsigar** [झाँसि-] *adj* सरिसबक तेल-सन तेज आ कडू स्वादबाला। spicy, pungent as mustard oil.

**झहर-झहर jhahar-jhahar** *ono* वर्षा/झरनाक ध्वनि। sound of rain/waterfall.

**झहरब jhahrab** *vi* झहर-झहर ध्वनि करैत बरिसब। shower, rain torrentially and incessantly. **झहार** *n*.

**झहुरा होएब jhahurā hoeb** *vi* ध्वस्त होएब। shatter, dilapidate.

**झा jhā** [अध्यापक] *n* मूलतः अध्यापनक व्यवसाय बाला ब्राह्मणक एक उपनाम। surname of a section of Brahman community orginally of teaching profession.

**झाइँ jhāī** [श्यामिमा?] *n* 1. आभास, लेश, पुट। semblance, reflection, frickles, tent, dash. 2. विक्षेप, सनक। eccentricity, whim.

**झाइँस jhāīs** *See झाँसि।*

**झाउ jhāu** *obs See झौआ।*

**झाउँ-झाउँ jhāū-jhāū** *ono* कुकुरक बजबाक ध्वनि। bow-waw, dog's barking. ~ **करब** *vt* कुकुर-जकाँ एक सङ्ग अनेक व्यक्तिक बाजब। speak simultaneously along with several persons (*der*).

**झाकब jhākab** *vt* 1. चूल्हि पर चढ़ाए काँच जारनि सुखाएब। dry up fire wood on an oven. 2. सिद्ध भात झाझसँ छानि-छानि पाकपात्रसँ बहार करब। strain out boiled rice from a cooking pot. 3. चञ्चल दृष्टिएँ ताकब। glance, peep. **झाँक** *n*.

**झाकस jhākas** *See झकास।*

**झाँकी jhākī** *n* 1. झलक, दृश्य। glimpse, profile. 2. विशेषतः देव-प्रतिमाक सजाओल दृश्य। *spl* decorated view of an idol, tableau.

**झाँख jhākh** *n* झाड़, झाँखुर। bush. *Cf झाँखी।*

**झाँखब jhākhab** [झङ्खु] *vi* झखब, बिलपब। bewail, lament. **झाँखनि** *n*.

**झाँखर jhākhar** *See झाँखुर।*

**झाँखी jhākhi** *n* 1. जारन लए काटल पातर-पातर छीप। brush wood, twigs collected for fuel. *Cf झाँखुर। 2. See झाँकी।*

**झाँखुर jhākhur** *n* झाड़-झङ्खाड़। bushes, thicket, brier.

**झाङ jhāṅ** *n* सीससँ रहित डाँट। stem stripped off corn. Also **झाङा**।

**झाझ jhājh** *n* 1. छिद्रमय छितनार कड़छु जाहिसँ सिद्ध खाद्यवस्तु पाकपात्रसँ छानि बाहर कएल जाइत अछि। perforated flat ladle. 2. ठोकि-ठोकि बजएबाक थारी-सन एक बाजा। sistrum. 3. झञ्झा, झटक। storm. 4. झरक, लू। scorching sun.

**झाझन jhājhan** *n* लग-लग चीरि बनाओल बाँसक फलक। lattice, grille, grating made of splitted bamboo.

**झाँझा jhājhā** *n* गोल वापी। a round well provided with stairs.

**झाँटब jhāṭab** *vt* 1. धान आदि पटकि-पटकि झाड़ब। thresh out grains by dashing. 2. बाढ़नि आदिसँ पीटब। thrash. 3. (*लाक्ष*) दुर्गञ्जन करब। scold. **झाँट** *n* 1. झटक, छोट बिहारि। storm, gale. 2. बार, गुह्य स्थानक रोम। pubic hair. 3. आघात। stroke. **झाँटा** *See झट्टा।*

**झाँटि jhāṭi/jhāīṭ** *n* 1. झाड़, विटप। bushes. 2. बार। pubes. *झाँटि सती ने "Damn care!"*

**झाँटी jhāṭī** *n* 1. खढ़ उपजएबाक खेत। land for cultivating reeds. 2. *See झाँट* (1)।

**झाड़ jhāṛ** *n* 1. छोट आकारक गाछ, क्षुप। bush, shrub, brush wood. 2. छतमे शोभार्थ लटकएबाक काचक गाछ-सन कला-कृति। candelabrum, chandelier. 3. *See झाड़ब* (1-7). 4. पेटसँ मल खसब। purge, clear motion. **°खण्ड** *n* 'वन-प्रदेश', दक्षिण-पूर्व बिहारक एक इलाका। 'forest land', a locality in south-east Bihar. **-झङ्खाड़** *n* झाड़ ओ आन छोट-छोट गाछक घनघर समूह, जङ्गल-झाड़। shrubbery. **-पोछ** *n* सफाइ। cleaning. **-फुनुस** *n See*

झाड़ (2)। **-फूक** *n* तन्त्र-मन्त्र ओ जादू-टोनाद्वारा रोगक निवारण। exorcism.

**झाड़न jhāṛan** *n* झाड़बाक साधन कुच्ची, गमछा आदि। brush, duster. Also **झाड़नि**।

**झाड़ब jhāṛab** *vt* 1. झाँटब। thrash. 2. वस्त्र आदिकें झमारि गरदा दूर करब। remove dust by shaking off. 3. बढ़ारब। sweep. 4. डाँटब। scold. 5. मन्त्रादि द्वारा विष/रोग दूर करब। exorcize, cure with sorcery. 6. पाण्डित्य देखएबालए बढ़ि-चढ़िकें बाजब। pretend one's ability. 7. थकरब। comb (hair).

**झाड़ा jhāṛā** *n* मलत्याग, शौचक्रिया। evacuation. ~ **फिरब** *vi* मलत्याग करब। go to latrine. ~ **लागब** *vi* मलत्यागक वेग आएब। feel motion to defecate.

**झाड़ि jhāṛi** *n* जङ्गल। jungle.

**झाड़ी jhāṛī** *n* छोट-पैघ झाड़क जङ्गल। thicket. *Cf बाड़ी-झाड़ी।*

**झाड़ू jhāṛū** [P जरूद] *n* खड़रा, बाढ़नि। broom.

**झाँप jhā̃p** *n* 1. ओहार, विशेषतः महफाक परदा। canopy; *spl* screen of palanquin. 2. आच्छादन, ढक्कन। cover, veil. 3. देवताक प्रतिमाकें चढ़एबाक चनबा। a decorated small canopy offered to usually Shivalinga hung overhaed. 4. *See झम्प।*

**झापट jhāpaṭ** *See झपट्टा* under *झपटब।*

**झाँपब jhā̃pab** *vt* 1. आच्छादित करब, आवरण दए अदृश्य बनाएब, छिपाएब। cover, conceal, veil. **झाँपन, झाँपनि** *n*.

**झाँपा jhā̃pā** *n* काठक पेटी जाहिमे विशेषतः स्तूपाकार ढक्कन रहैत अछि। wooden box with lid.

**झाँपी jhā̃pī** *n* ढक्कन लागल पथिआ। basket fitted with lid.

**झाबर jhābar** *adj* 1. झबरल केसबाला। *See झबरा* under *झबरब*; shaggy. 2. विशेषतः कानपर झबरल केसबाला (बड़द)। *spl* (ox) having hairy/shaggy ears.

**झाबा jhābā** *n* गुच्छा। bunch.

**झाम jhām** [श्याम "black"] *n* 1. अधिक तापसँ कारी भेल पजेबा। overburnt brick, pumice. 2. इनार कोड़बाक एक यन्त्र। a kind of hoe for digging well. *adj* झामर, श्यामवर्ण, विवर्ण, विखिन्न (मुखच्छवि)। black, dismal, gloomy (face). ~ **गुड़ब** *vt* काज नहि भेटबाक कारणें निष्क्रिय बैसल रहब। sit idle in absence of work.

**झामट jhāmaṭ** *adj See झमटगर। n* एक प्रकारक नाओ। a kind of boat.

**झामर jhāmar** [श्यामल] *adj* कारी, विवर्ण, उदास। black, pale, dismal (face).

**झामरि jhāmari** *See झौंहरि।*

**झामा jhāmā** *n* 1. *See झाम* (1) / 2. जिल्दसाजक कोर सरि करबाक ओजार। book-binder's instrument for smoothening/cutting edge of book.

**झारी jhārī** *n* 1. दूध दुहबाक एक माटिक बासन। a narrow-necked milking pot. 2. एक टोंटीबाला जलपात्र, एक प्रकारक हथहड़। a metal pitcher with spout, an ewer.

**झाल jhāl** *obs adj* 1. शुष्क, नीरस। sapless. 2. कडु, झँसिगर। pungent.

**झालरि jhālari, °air** *n* वस्त्रमे मोकचाए जोड़ल किनार। frill, fringe, tatting.

**झालि jhāli, jhāil** *n* एक कांसवाद्य। sistrum. ~ **बजाएब** *vt* लोभवश हँ-मे-हँ मिलबैत रहब। act as a sycophant, flatter.

**झाँसि jhā̃si, jhā̃is** *n* रैंचीक-सन तीख सोआद। spicy hotness, pungency.

**झाँसी jhā̃sī** *n* एक पादपनाशी कीड़ा। a worm that damages young plants.

**झिकझोरब jhikjhōrab** *vt* झकझोरब। shake violently.

**झिकब jhikab** *vt* घीचब। pull.

**झिकरुआ jhikaruā** [VR] *n* झीङुर। cricket.

**झिँगुनी jhĩgunī** *See झिमनी।*

**झिङ्गा jhiṅgā** *n* 1. झिमनी। ridge gourd. 2. इचना माछ। shrimp.

**झिङ्गुर jhiṅgur** *See झीङुर।*

**झिझरी jhijhrī** *n* 1. पारदर्शी परदा, जाली। porous/transparent screen, lattice, grating, ventilator. 2. *See झिझिआ। adj* जीर्ण-शीर्ण। worn out.

**झिझिआ jhijhiā** *n* एक व्रत जाहिमे छिद्रमय घैलमे जरैत दीप माथ पर लए भरि राति घुमल जाइत अछि। a vow performed by walking through out the night with a lamp in a perforated pitcher placed on one's head.

**झिटका, झिटुका jhiṭā, jhiṭukā** *See झुटका।*

**झिट्टी jhiṭṭī** *n* तीन बड़दक जोतमे बिचला बड़द। central bullock in the team of three.

**झिनकी jhinkī** *See झनक* (1)।

**झिनुक jhinuk** *n* सितुआ। oyster-shell.

**झिम-झिम jhim-jhim** *ono* वृष्टि-ध्वनि। sound of rain.

**झिमझिमिआ jhimjhimiā** *n* कानक एक गहना। an ear-ring.

**झिमनी jhimnī** *n* एक तरकारी, झिङ्गा। ribbed gourd, loofah.

**झिरझोरब jhirjhōrab** *obs See झकझोरब।*

**झिरुआ jhiruā** *See झीरी।*

**झिलमिल jhil-mil** *adj* अल्प चञ्चल प्रकाशवाला। twinkling, shining. **झिलमिली** *n* 1. खिड़की/केबाड़क एहन पट्टा जाहिमे प्रकाश ओ बसात अएबाक गहसभ हो। slitted shutter, sun blind. 2. कानक एक गहना। an ear-pin.

**झिलिआ jhiliā** *See झिल्ली* (2)।

**झिलिआएब jhiliāeb** *vt* उपरहि उपर खेतक माटि सरिआएब। dress the surface of agricultural plot.

**झिल्ली jhillī** *n* 1. एक कीड़ा जे बड़ी काल धरि तेज ध्वनि करैत रहैत अछि। an insect, cricket. 2. बेसनक एक नोनगर पकमान। a salty snack. 3. कपड़ा-सन पातर त्वचा। membrane. **~ तोड़ब** *vt* पहिल बेर सम्भोग कए नारीक कौमार्य भङ्ग करब। deflower a virgin.

**झिल्लो jhillo** *n* एक जलचर पक्षी। a bird of water.

**झिहिर-झिहिर** jihir-jihir *ono* वर्षाक ध्वनि। sound of rainfall, splash.

**झीक jhīk** *n* अन्नक ओतबा मात्रा जतबा जाँतमे एक बेरमे बेरि-बेरि देल जाइत अछि। grist, dose of grains put at a time in grinding wheel.

**झीका-झोरी jhīkā-jhōrī** *See. झीका-तीरी।*

**झीका-तीरी jhīkā-tīrī** *n* खीचा-तानी, एक वस्तुकेँ अनेक व्यक्ति द्वारा अपना दिस झिकबाक प्रयास। tussle, tug of war.

**झीङा jhīṅā** *See झिङ्गा।*

**झीङुर jhīṅur** [अध्यङ्गुल] *n* 1. झिल्ली। cricket. 2. सनकिरबा, तेलचट्टा। cockroach.

**झीरौँ jhīrā** *n* एक घास। a grass.

**झीरी jhīrī** *n* एक खढ़। a reed/grass. Also **झीरो।**

**झील jhīl** *n* पैघ चओर, सर। lake.

**झीलम jhīlam** *n* व्यायाम लेल बनल लोहाक धनुष। an iron bow used for physical exercise.

**झीलो jhīlō** *n* कौड़ीक एक खेल। a game of cowrie.

**झीसी jhīsī** *n* बुन्नी, फुहार-सन वृष्टि। drizzle.

**झुकब jhukab** *vi* 1. अवनत होएब। bend, incline, lean. 2. नम्र होएब। stoop, bow down, yield. 3. निद्रासँ मूड़ी टगाएब। niddle-noddle. **झुकनी** *n* निद्राक प्रभावेँ मूड़ी झुकएबाक प्रवृत्ति। tendency of nodding off. **झुकाएब** *cau.* **झुकाओ** *n* प्रवृत्ति। inclination, trend, tendency. **झुकान** *n.* **झुकाह** *adj* झुकल-सन। leaning.

**झुक्का jhukkā** *n* झाबा। bunch.

**झुझुआएब jhujhuāeb** *vi* थोड़ देखि असन्तोष प्रकट करब। be annoyed over triviality. **झुझुआन** *adj* छुछुन। trivial.

**झुटका jhuṭkā** *n* माटिक फुटल बासनक टुकड़ी। small potsherd. **झुटकी** *d.*

**झुट्टी jhuṭṭi** *See जुट्टी।*

**झुट्ठा jhuṭṭhā** *n* मिथ्याभाषी। liar.

**झुड़ुर jhuṛur** *See झुत्थुर।*

**झुण्ड jhuṇḍ** *n* हेड़, दल। flock, herd, group.

**झुत्थुर jhutthur** *adj* अतिवृद्ध, जराजीर्ण। octogenarian, infirm due to old age.

**झुनकी jhunkī** *n* ठेङा आदिमे ठोकल बाजा। metal discs/bell fitted to walking stick or musical instrument.

**झुनकुट jhunkuṭ** [जूर्ण-] *See झुरकुट।*

**झुनझुना jhunjhunā** *n* झुनझुन ध्वनि करएबाला खेलओना। rattling toy, rattle.

**झुनझुनाएब jhun-jhunāeb** *vi* रक्त-सञ्चार रुकबाक कारणेँ अङ्गमे गतिहीनता आएब आ छूला पर काँट गड़ब जकाँ वेदना होएब। tingle, feel pins and needles. Also **झुनझुनी भरब।**

**झुनाएब jhunāeb** [जूर्ण-] *vi* ततेक सुखाएब जे झुर आ कड़गर भए जाए। become dry and crisp.

**झुम॰ jhum॰** *See झूम॰।*

**झुरकुट jhurkuṭ** *adj* जर्जर, जीर्ण। infirm due to old age, worn out.

**झुरकुटिआ jhurkuṭiā** *n* केराक एक प्रभेद। a variety of banana.

**झुरखी jhurkhī** *See कारिख।*

**झुरमुठि jhurmuṭhi** *n* स्तब्धता। stupefaction. **~ लागब** *vi* स्तब्ध/विमूढ़ होएब। be stupefied.

**झुराएब jhurāeb** *vi* सुखाएकें झुर होएब। become dry and crisp.

**झुर्री jhurrī** *n* वार्धक्यसँ त्वचाक घोकचब। wrinkle.

**झुलफी jhulphī** [P जुल्फ] झोंट, विशेषत: पुरुषक। lock of hair.

**झुलब jhulab** *vi* दोलन करब, लटकल अवस्थामे दु विपरीत दिशामे बेरि-बेरि आएब जाएब। swing, sway, oscilate. **झुलना** *n* 1. हिंडुला, दोला। swing. 2. पालना। cradle. **झुलाएब** *cau vt* 1. 'झुलब' केर प्रेरणार्थक। shove a swing. 2. देरी लगाएब। keep one awaiting long. **झुलुआ, झुलौआ** *n* झूला। swing.

**झुल्ला jhullā** *n* महिलाक एक आङी। a lady's bodice.

**झूटब jhūṭab** *vi* सहसा आक्रमण करब। attack suddenly.

**झूठ jhūṭh** *adj* 1. मिथ्या, फूसि। false, untrue, concocted. 2. संवेदनहीन (त्वचा)। senseless (skin).

**झूना मलमल jhūnā malmal** *n* एक पातर कपड़ा। a superfine muslin.

**झूमक jhūmak** *n* घण्टी-सन लटकन लागल कानक एक गहना। an earring with bell shaped pendant.

**झूमब jhūmab** *vi* उल्लाससँ झुलि-झुलि नाचब-बुलब। swing reel, sing and sway, strut.

**झूमरि jhūmari** *n* एक सामूहिक नाच-गान। a chorus dance.

**झूर jhūr** *adj* 1. कड़ा कए तरल/सुखाओल (माछ/धान)। extra fried, crisp (vegetable). 2. झरकल, दग्ध। scorched, burnt. 3. उत्तप्त (मन)। grieved (mind). **-झमान** *rep.*

**झूल jhūl** *n* बहुत ढील आ पैघ अङ्गा जेहन साधु-सन्त पहिरैत छथि वा पशुकें पहिराओल जाइछ। swinging mantle worn by mendicants/cattle. **झूलन** *n* एक उत्सव जाहिमे झूला झुलैत कृष्ण भगवानक पूजा होइत अछि। a festival in which Lord Krisna is worshipped on a swing. **झूला** *n* हिंडुला, मछकी। swing.

**झूस jhūs** *adj* दब, हीन, न्यून। less in quantity, worse in quality.

**झूसी jhūsī** *n* उर्वरता नष्ट भए जएबाक कारणें किछु दिन परती राखल गेल भूमि। land left fallow to recoup fertility.

**झोंकब jhōkab** *vt* 1. झटका मारि दूरसँ फेकब (भट्ठीमे इन्धन)। throw with jerk (as fuel into oven). 2. बेसी मात्रामे देब। feed heavily. 3. अनुचित जोर दैत बाजब। argue with undue stress. 4. (बसातक) वेगसँ बहब। gush. **झोंक** *n* 1. आकस्मिक क्षणस्थायी तीव्र वेग। thrust, impulse, puff of air. 2. सनक, आवेश। whim, craze. **झोंकाइ, झोंकार, झोंकारा** *n.* **झोंकी** *See झोंक।*

**झोखरब jhokhrab** *vi* देहक जीर्ण होएब, त्वचाक घोकचब। be decrepit, shrivel, be wrinkled.

**झोङ jhoṅ** *n* झाबा। bunch.

**झोंझ jhōjh** *n* डारि-पातसँ झपाएल अदृश्यप्राय स्थान। cluster of twigs, foliage, spinney, leafage.

**झोंझर jhōjhar** *n* झुर्री। wrinkle. **झोंझराह** *adj* जर्जर। loose, slack.

**झोंझि jhōjhi** *n* झोंझवाला स्थान। place covered with cluster of foliage.

**झोंट jhōṭ** [जटा] *n* बढ़ल आ छिड़िआएल लट। scalp lock, locks of hair on head, curl, pigtail. **झोंटकी** *d.* **झोटहा** *adj* पैघ-पैघ केसवाला। having long locks of hair. **झोटही** *f.* **झोंटा-झोंटी** *n* झगड़ामे एक दोसराक झोंट धए तीरब। pulling one another with hair. **झोंटैला** [जटिल] *adj* पैघ-पैघ घनगर केस वाला (बच्चा)। (boy) having fine and dense hair.

**झोंटी jhōṭī** *n* मकैक चारि बालिक गुच्छ। a bunch of four ears of corn. *Cf* जुट्टी।

**झोटैला jhoṭailā** *See* under *झोंट।*

**झोड़ा jhōṛā** *See झोरा।*

**झोर jhōr** *n* तिमनक जल। soup, broth. **झोरगर** *adj* अधिक झोरवाला। soupy (dish).

**झोरब jhōrab** *vt* 1. सिकार लए जङ्गल-झाड़कें छानब। (in hunting) comb/sweep an area of jungle to search prey. 2. *See झकाएब।*

**झोरा jhōrā** *n* छोट थोकरा। knapsack, handy bag/sack. **झोरी** *d*.

**झोराएब jhorāeb** *nvt* तीमनकेँ पानि आ मसाला दए बरकाएब। add water to form broth.

**झोल jhōl** *n* 1. लटकल तन्तु आदिक मध्य भागमे भारवंश धनुषाकार अवनति। sag. 2. धुआँ आदिसँ मलिछ भेल मकराक लटकल सूत। spider's web fibre blackened with smoke and dust.

**झोलङ jhōlaṅ** *adj* बीचमे लहल/नमड़ल। saggy.

**झोलब jhōlab** *vt* कपड़छान करब, कपड़ामे चालब। sieve through cloth. **झोलना** *n* झोलबाक वस्त्रादि साधन। sieve. Also **झोलनी**।

**झोलर jholar** *adj* झोल(1)सँ युक्त, तानल नहि रहने बीचसँ नमड़ल। sagged. **झोलरत्तू** *adj* झोल लगैत-लगैत रक्त (लाल) भेल (कोड़ोक बाँस आदि)। turned red due to long exposure of domestic smoke. **झोलरब** *vi* झोलर होएब। develop sag. **झोलराह** *adj*.

**झोलरि jhōlari** *adj* झखरल, शिथिल। loose, sagging, dropping. Also **झोलरी**।

**झौआ jhauā** *n* 1. अमतौआ नेबोक एक प्रभेद। a variety of lemon. 2. एक वृक्ष जकर पात केस-सन चीरल-चीरल होइत अछि। a tree bearing hair like leaves; *Tamaria indica*.

**झौँसब jhaũsab** *vt* झरकाएब। scorch, parch.

**झौहरि jhauhari** *n* अनेक व्यक्तिक एक सङ्ग कानब/चिचिआएब। wailing and weeping in group, concrescence.

**ञ** yā वर्णमालाक दसम व्यञ्जन। tenth consonant of alphabet.

**ञहाँ, ञे, ञेहाँ yāhā, yē, yehā** *obs See अहाँ, एँ, अहाँ।*

**ट** ṭ वर्णमालाक एगारहम व्यञ्जन। 11th consonant of alphabet.

**टक ṭak** *n* अपलक स्थिर दृष्टि। constant eager look. **-ध्यान** *n* अटल एकाग्रता। fast attention. **~ लगाएब** *vt*. आतुरतापूर्वक ध्यान लगओने रहब। look for eagerly. **टकटक** *adv* अपलक। without a wink. *adj* लकलक, अति दूबर-पातर। lanky, lean and thin. **टकटकी** *n* अपलक दृष्टि। gaze.

**टकगर ṭakgar** [टाका-] *adj* अधिक टाकावाला, धनिक। moneyed, rich.

**टकटोरब ṭakṭorab** *vt* आन्हर-जकाँ केवल स्पर्शसँ वस्तुक अन्वेषण करब। grope. **टकटोरिआ** *n* स्पर्श सँ अन्वेषण। groping.

**टकबेल ṭakbēl** *n* बेली फूलक एक प्रभेद जे टाका-सन होइत अछि। a variety of jasmine having flowers as big as a rupee coin.

**टकराएब ṭakrāeb** *vi* ठेकर/धक्का खाएब। collide, dash, clash.

**टकसब ṭaksab** *vi* कनेक घुसकब। budge, move aside, stir.

**टकसबाइ ṭak-sabāi** *n* ऋणक एक व्यवस्था जाहिमे एक टाका मूल प्रतिमास साबा टाका होइछ। rate of interest 25% per month.

**टकसाल ṭaksāl** [टङ्कशाला] *n* सिक्का ढारबाक कारखाना। mint. **टकसाली** *adj* टकसालमे ढारल गेल; परम प्रामाणिक। come from mint; genuine, real, authentic.

**टकही ṭak-hī** *adj* 1. एक टाका मूल्यक। of one rupee value. 2. (सूदिक एक दर) प्रति रुपैआ एक टाका (अर्थात् आधा आना) प्रतिमास। (rate of interest) half anna per rupee per month (obs).

**टका ṭakā** *n* टाका, एक रुपैआक सिक्का। rupee. **-टुकुर** *n* टाका-पैसा। money. *टके कोस, टके डेग "टाकाक व्यासक बराबरि अति छोट-छोट डेग दैत, परम मन्द गतिसँ। stepping inch by inch, in snail's speed."*

**टँकाइ ṭãkāi** *See टाँकब।*

**टकाटकी ṭakātakī** *See टकटकी* under *टक।*

**टँकारी ṭãkārī** *n* टँकबाक पैघ सुइ/टाकु। big needle used for quilting.

**टकुआ ṭakuā** *See टाकु। -तान adj* टाकु-सन सोझ। straight like needle.

**टकुआरी ṭakuārī** *n* काठमे छेद करबाक लोहाक सुलफा। strong needle used for boring wood.

**टकुरी ṭakurī** [टाकु-] *n* चकती लागल टाकु; सूत कटबाक एक उपकरण। spindle.

**टकोरा ṭakōrā** *See टिकुला।*

**टकौरी ṭakaurī** *n* हलुआइक तराजू। scale used by confectioners.